



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 me 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTRA ACHA RIVERBEND**

***Yo te rive jwenn yon kontra pou achte tè pou devlopman rezo inovasyon wo teknoloji manifakti  
Buffalo nan RiverBend***

***\$225 milyon dola investisman eta ki apiye sou \$1.5 bilyon dola nan investisman prive, kreye 850 djòb  
pèmanan ak omwen 500 djòb konstriksyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke yon kontra dacha te rive jwenn ant Eta ak Vil Buffalo pou achte 88 karo tè nan pwopriyete ki apateni a vil la, sa ki pral akeyi devlopman inovasyon rezo manifakti wo teknoloji nan RiverBend. Eta pral bati yon etablisman ankraj modèn pou wo teknoloji ak biznis enèji vèt nan sit la. Gouvènè Cuomo te anonse pi bonè ke eta pral investi \$225 milyon dola ki soti nan pwogram Buffalo Billion, pou atire de konpayi enèji wo teknoloji pwogresif ki baze nan California, Soraa and Silevo, ki pral kolektivman investi \$1.5 bilyon dola nan pwojè a ak etabli gwo operasyon yo nan Buffalo, kreye 850 djòb pèmanan e omwen 500 djòb konstriksyon ak atire konpayi manifakti anplis sou sit la. RiverBend se sit yon ansyen izin fabrikasyon Repiblik Steel.

Kontra acha te swiv konfimasyon de yon MOU nan dat 27 Janvyè ki te etabli kondisyon lavant pwopriyete a nan men Vil Buffalo atravè Kòporasyon Devlopman Iben a Kòporasyon Jesyon Fort Schuyler, yon antite a bi non likratif ki te kreye pa eta pou jere tranzaksyon pwopriyete a nan non Fondasyon Rechèch SUNY.

“Pandan plizyè deseni Buffalo pat resevwa sipò li te merite nan men Albany, men jodia se yon nouvo jou e pwogrè nou te fè nan ane ki sot pase yo enkontestab,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè RiverBend se youn nan antrepriz devlopman ekonomik ki pi dramatik nan istwa lwès New York, e jodia make yon pwogrè enpòtan pou inisyativ sa a. Non sèlman pwojè inovatif sa ap atire investisman san parèy nan sektè prive a ak plizyè santèn djòb, li egalman yon pwojè ki pral lye endistri wo teknoloji ak enèji pwòp nan lwès New York pou ane kap vini yo. Pi bon jou anonse pou Buffalo, e mwen onore paske mwen te anmezi pou jwe yon ti wòl nan avni rejyon an.”

Kontra acha fòmalize:

Haitian Creole

- Yon akò sou pri dacha yon \$2.5 milyon dola ki te etabli nan kòmansman MOU;
- Yon akò pou konfòme avèk egzijans aplikab Eta New York sou mendèv minorite, mendèv fi, ak antrepriz biznis minorite ak antrepriz biznis fi itilizasyon objektif an koneksyon avèk pwojè a. Egzijans sa yo gen ladan yon objektif anjeneral de 20 pousan patisipasyon pou MWBE, yon objektif mendèv minorite de 25 pousan ak yon objektif mendèv fi de senk pousan pou tout konstriksyon pèsònèl kap travay nan pwojè a;
- Yon angajman pou travay avèk òganizasyon edikasyon lokal apwopriye nan Buffalo pou etabli mendèv lokal ak pwogram fòmasyon pou ogmante opòtinite pou rezidan yo nan vil Buffalo, espesyalman fi ak minorite yo; ak
- Yon pèmi pou òganizasyon RiverKeeper nan Niagara Buffalo pou gen aksè nan pwopriyete a pou yon kontinyasyon pwojè restorasyon nan zòn rivaj la ki finanse federalman ansanm avèk Rivyè Buffalo, sa ki travèse sit devlopman.

Soraa se yon fabrikan nan California kap fabrike ekleraj LED ki gen pi gwo efikasite sou mache a. Konpayi an pral relokalize operasyon fabrikasyon ak antrepriz R&D li yo nan RiverBend, ak yon investisman \$750 milyon ak kreyasyon 375 dyòb.

Silevo se yon konpayi nan California kap devlope epi fabrike selil ak modil solè ak silikòn, ak yon izin fabrikasyon ki tabli nan peyi Lachin. Faz1 nan pwojè Silevo, avèk yon investisman \$750 ki pral kreye omwen 475 djòb, enplike yon enstalasyon pwodiksyon 200 megawatt nan etabli pwòp aktivite fabrikasyon nan Amerik di Nò nan RiverBend.

Eta New York pral investi \$225 milyon dola nan devlopman Empire State (ESD) kapital pou etabli enfrastrikti nan sit la enkli dlo, egou, sèvis piblik ak wout yo; konstwi yon etablisman 275,000 pye kare ki posede pa eta ki pral loje Soraa ak Silevo kòm premye de lokatè; ak achte ak posede ekipman. Okenn nan konpayi yo ap resevwa finansman dirèk nan investisman eta. Lòt enstalasyon pral konstwi pi devan pou loje nouvo konpayi fabrikasyon kap opere nan domèn byotèk, wot teknoloji ak enèji vèt. Enstalasyon ak ekipman yo pral pwopriyete Inivèsite Eta New York (SUNY) Fondasyon Rechèch. Kolèj ak inivèsite ki nan zòn nan, enkli Buffalo SUNY, pral egalman benefisye de patenarya ak kontribye a pwochen kwasans pwojè a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418